



AETNA BETTER HEALTH®

Desizyon alavans

Pa genyen moun ki vle panse a lanmò. Men li enpòtan pou nou planifye pou jou sa ta rive. Menm si ou pa malad oubyen blese kounye a, ou dwe reflechi sou ki kalite swen ou ta renmen resevwa si yon jou pou pa ta kapab pale pou tèt ou. Testaman se dokiman legal ki di pwofesyonèl swen sante ak fanmi w ki sa ou vle kòm swen lè w ap mouri.

Tanpri sonje: ou pa oblije fè yon testaman oswa lòt kalite desizyon alavans pou resevwa swen medikal. Yo itilize direksyon alavans pou fè sa ou ta renmen yo fè si ou pa ta ka di oswa fè yo ou menm poukont ou. W ap toujou resevwa swen menm si ou pa genyen yon desizyon alavans. Sa genyen ladan lè ou entène lopital oswa lòt sant pou resevwa swen. Men pifò lopital ankouraje anpil pou w genyen youn.

Nan New York, genyen twa kalite desizyon alavans:

- Pwokirasyon swen sante
- Testaman
- Lòd pou pa reyanime (DNR)

Pwokirasyon swen sante

Yon manda pou swen sante pèmèt ou deziyen yon reprezantan swen sante ki pral pran desizyon pou ou si ou pa ka fè sa pou tèt ou. Se sèlman apre de doktè deside ou pa ka pran desizyon pou tèt ou y ap kapab itilize li. Gen yon Manda Sante estanda ou dwe itilize. Mande kowòdonatè swen w lan fòm nan si ou poko genyen li.

Testaman

Yon testaman se yon dokiman legal ki di lòt moun sa ou ta renmen yo fè konsènan swen sante ki ta kapab kenbe w anvi si lavi w an danje. Li kapab genyen sistèm sipò pou kenbe w anvi, tankou:

- Machin pou ede w respire
- Manje nan tib
- Reyanimasyon si ou sispann respire oswa kè w sispann bat
- Dyaliz si ren w sispann fonksyone

Ou kapab chwazi pou swa aksepte oswa refize kalite swen sa a anvan w nan nesosite a. Pou w genyen garanti lòt moun konnen sa ou vle, ou dwe ekri enstriksyon ki di egzakteman sa ou vle nan testaman w lan.

Lòd pou pa reyanime (DNR)

Epitou ou kapab mande pwofesyonèl swen sante w la pou prepare yon lòd pou pa reyanime (DNR) pou ou. Yon lòd DNR se yon lòd pou tretman medikal ki di yo p ap itilize reyanimasyon kadyopilmonè, oswa CPR, si ou ke ta sispann bat/ou sispann respire. Si se yon bagay ou vle, pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou yon lòd DNR.

Fason pou jwenn fòmilè yo

- Ou kapab jwenn fòmilè yo gratis nan gid Pwokirè Jeneral New York la, *Planning Your Health Care In Advance: How To Make End-of-Life Wishes Known and Honored (Planifye Swen Sante Ou Alavans: Fè Moun Konnen e Respekte Volonte w Lè w Mouri*

Pou resevwa yon kopi gid sa a ak fòmilè desizyon alavans ansanm ak enstriksyon yo, vizite www.ag.ny.gov oswa rele Liy Ed Swen Sante Biwo Pwokirè Jeneral la nan 1-800-771-7755, opsyon 3, pou mande yon kopi gid la enprime.

Sa ou dwe fè annapre

Lè ou fin ranpli epi siyen desizyon alavans ou a, ou dwe voye kopi yo bay:

- Doktè ou oswa lòt pwofesyonèl swen sante ou
- Mandatè pou swen sante w la
- Fanmi w
- Nenpòt moun ki ka fè pwofesyonèl swen sante k ap pran swen w lan konnen ou te pran yon desizyon alavans, si ou pap ka di yo sa ou menm. Ou dwe toujou gen yon kopi desizyon alavans ou a sou ou lè pral lopital oswa nenpòt lòt sant ou resevwa swen. Si ou genyen yon machin, kenbe yon kopi nan machin ou tou.

Pou plis enfòmasyon

Si ou genyen kesyon, oswa pou resevwa kopi fòmilè a, rele Liy Ed Swen Sante Biwo Pwokirè Jeneral la nan 1-800-771-7755, opsyon 3, oswa ou kapab mande Kowòdonatè Swen w lan èd oswa rele Sèvis Manm Aetna Better Health gratis nan nimewo 1-855-456-9126.

Sa a se yon enfòmasyon enpòtan sou avantaj swen sante w yo. Rele Sèvis Manm nan nimewo 1-855-456-9126, oswa si ou gen pwoblèm pou tande/TTY, rele NY Relay 7-1-1; pou yon tradiksyon enfòmasyon sa a. Pou moun ki gen pwoblèm pou tande yo, NY Relay kapab konekte w ak nenpòt ki moun, nenpòt ki kote, 24 sou 24, 7 jou sou 7.